

Pou Piblikasyon Imedya: 28/12/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOJÈ YO FINANSE ATRAVÈ INISYATIV
REDIKSYON POVRETE EMPIRE STATE LA YO AP LANSE NAN NIAGARA FALLS**

Sis Pwogram pral Kòmanse Ak Sipò Plis Pase 536,000 dola nan Finansman Eta a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke sis pwojè nan Niagara Falls ap resevwa finansman nan kad Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State lan (Empire State Poverty Reduction Initiative, ESPRI), ki se pwogram 25 milyon dola Gouvènè a kreye pou ede 16 kominote devlope estrateji ki sible sou plan lokal yo pou redwi povrete epi ogmante opòtinite ekonomik pou tout moun New York yo.

“Inisyativ Rediksyon Povrete Eta a ap bay kominote lokal yo mwayen pou yo konekte moun yo ak opòtinite ki ap ede mete yo sou wout pou soti nan povrete epi ale nan endepandans ekonomik”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen espere wè rezilta pozitif pwogram inovatif sa yo epi nou felisite Niagara Falls poutèt travay yo ap fè pou asire ke chak manm kominote a ekipe ak zouti ke yo bezwen pou ka reyisi.”

“Nan kad Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State nou an, nou ap bay finansman pou kominote yo ki toupatou nan eta a pou abòde pwoblèm pwovrete ki enpòtan anpil yo ki kontinye afekte lavi anpil moun New York”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Nou vle asire ke nou bay moun k ap viv nan povrete yo opòtinite ak resous yo bezwen pou ede yo mennen yon lavi ki pi estab. Envestisman sa a nan pwogram rediksyon povrete yo nan Niagara Falls yo pral ogmante opòtinite ekonomik pou abitan ki nan Rejyon Lwès New York.”

Byen rapid apre ke Gouvènè an te anonse Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State lan an 2016, Albany, Binghamton, Bronx, Buffalo, Elmira, Hempstead, Jamestown, Newburgh, Niagara Falls, Oneonta, Oswego, Syracuse, Troy, Utica ak Watertown te vin rejwenn Rochester nan devlope fòs entèkansyon lokal yo pou kapab sipèvize efò lokal yo epi administre finansman eta yo.

Inisyelman, fòs entèkansyon sa yo te travay pou idantifye zòn ki gen gwo nesosite yo epi devlope rekòmandasyon pou envestisman ak lòt chanjman pou redwi kantite moun ki ap viv nan povrete yo. Kounye a, fòs entèkansyon yo ap kòmanse mete sou pye plan rediksyon povrete yo ke yo te devlope nan premye faz lan, apati itilizasyon fon ESPRI an.

Sis pwogram ke yo te apwouve pou jwenn finansman nan Niagara Falls yo se:

Orleans Niagara BOCES, 257,250 dola - Pwogram Literacy Zone lan pral bay evalyasyon akademik yo ak pwogram edikasyon reparasyon yo. Bous etid yo pral

disponib pou patisipan yo ki enteresan nan pouswiv fòmasyon pwofesyonèl atravè yon pwogram BOCES, men pou ki finansman se yon baryè konsiderab.

The Isaiah 61 Project, 157,170 dola - Pwogram sa a pral bay edikasyon ak fòmasyon pou travay nan konstwiksyon. Yon pwogram ki dire 400 èdtan pral bay patisipan yo enstwiksyon nan sal klas yo, ansanm ak fòmasyon pratik nan ede reyamenaje kay ki vid yo ki nan Niagara Falls.

Big Brothers Big Sisters of Erie County, 22,000 dola - Yo pral ofri yon pwogram mantora pou moun ki ap retounen nan kominote a apre enkaserasyon yo pou ede yo aklimite epi rantre nan mendèv lan.

Literacy New York Buffalo-Niagara, 19,965 dola - Yo pral bay sipò akademik bay patisipan yo ki ap li pi ba pase nivo klas katyèm ane, sa ki ap pèmèt yo vin pi prepare pou vanse ak edikasyon ak fòmasyon adisyonèl.

Consumer Credit Counseling Services of Buffalo, 15,000 dola - Yo pral bay fòmasyon literè, ki gen yon fokis sou kreyasyon bidjè, diskite sou dèt, epi ankouraje batiman kapital. Patisipan yo pral kreye kont bankè tou pou ka disyade yo de depans ki pa nesèsè yo pou sèvis ankèsman chèk yo epi etabli plan yo pou mete lajan a kote pou ekonomi.

Niagara University, 65,000 dola - Inivèsite a pral bay sèvis evalyasyon ki ap kontinye yo pou inisyativ lan, tankou mete yon evalyatè pati tyè endepandan sa enpòtan anpil pou ka mezire pwogrè, reyisit ak echèk inisyativ lokal yo.

Catholic Charities, ke kominote a te chwazi pou administre finansman ESPRI an, te resevwa tou plis pase 350,000 dola pou bay fòmasyon preparasyon pou travay yo ak sipò plasman anlwa pou moun tout kategori laj yo. Catholic Charities pral ap kowòdone tou referans pou pwojè sa yo atravè yon kowòdonatè swen ESPRI ak direktè dosye ESPRI an, ki pral angaje epi sipòte patisipan yo pandan pwogram sa yo.

Komisè Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape an (Office of Temporary and Disability Assistance) nan Eta New York Samuel D. Roberts, te deklare, “Baryè pou simonte povrete yo inik pou chak kominote epi yon konsevwa apwòch yo jenere onivo lokal sa yo pou reponn a bezwen chak kominote yo. Atravè ESPRI, Gouvènè Cuomo te devlope yon modèl k ap responsabilize lidè lokal yo pou yo reponn a koz fondamantal povrete yo nan fason ki pi efikas la”.

Sekretè Deta New York la, Rossana Rosado, te deklare, “Gouvènè Cuomo rekonèt ke pou kominote yo pwospere, nou dwe bay rezidan ki gen mwens chans yo resous ki pou ede yo. ESPRI bay yon bourad a sila yo ki ap souffri anba men povrete yo, ki an retou ap ranfòse lyen kominotè yo, bay rezidan yo yon sans fyète, epi ankouraje kwasans alafwa anndan ak an deyò chak lokalite. Sa yo se gran pwogram ki pral ede pote yon kad ekonomik ekitab pou nou tout ka pwospere”.

Kowòdonatè Ant Ajans Òganizasyon San Bi Likratif yo Fran Barrett te deklare, “ESPRI kontinye efò reyisi Gouvènè Cuomo ap fè pou l takle koz fondamantal povrete yo ak inegalite revni yo. Atravè ESPRI, Gouvènè Cuomo te responsabilize

Nouyòkè ki gen revni fèb yo pou yo konsevwa estrateji pou retire baryè ki anpeche yo atenn mobilite ekonomik ak sosyal yo. Sa a se yon moman eksitan paske sitwayen Niagara Falls yo ap travay ansanm pou yo jwenn rezilta ki tanjib. Pwojè inik pou chanje sistèm lan yo te lanse jodi a yo se bèl egzanp ki montre travay k ap fèt atravè eta a yo nan toule 16 lokalite ESPRI a yo. Nou ap aplodi travay lidèchip lokal Niagara Falls lan ap fè yo epi nou enpasyon pou nou wè enpak ke efò sa a pral genyen sou lavi fanmi Niagara Falls yo.”

Jeffrey Pirrone, ki se Direktè Pwojè, ESPRI Niagara Falls, te deklare, “Plan lokal nou pou ESPRI te kreye atravè efò kolaboratif plis pase 100 patnè ki devwe ki ap viv epi travay nan Niagara Falls. Nou rekonesan anvè Gouvènè a poutèt angajman li pran nan rediksyon povrete nan kominote nou an epi nou antouzyas pou nou lanse faz reyalizasyon inisyativ sa a pou sipòte moun yo soti nan povrete pou ale nan yon karyè ki dirab”.

Senatè Robert G. Ortte te deklare, “Òganizasyon kominotè sa yo ap jwe yon wòl enpòtan nan asiste sila yo ki gen yon volonte pou kreye yon lavi miyò pou tèt yo ak pou fanmi yo. Li ankourajan pou nou wè eta nou an ki ap investi nan pwogram tankou sa yo, ki ap chèche kreye opòtinite ekonomik epi devlope konpetans pou travay yo pami sila yo ki bezwen yon ti asistans. Nan objektif pou ka redwi povrete atravè eta nou an, pwogram kominotè yo bezwen sipò pèmanan ajans leta yo jan ke nou te wè la a”.

Manm Asanble Angelo Morinello te deklare, “Mwen ekstrèmman kontan chak ak tout lè ke Gouvènè a rekonèt nesosite pou jwenn finansman inisyativ pou povrete yo pou asiste sila yo ki pi vilnerab yo nan kominote nou an. Pwogram sa yo pral gen yon gwo enpak toupatou nan Rejyon Lwès New York”.

Prezidan Lejislati Konte Niagara a, Keith McNall te deklare, “Konte Niagara remèsye sensèman Gouvènè Cuomo pou pwogram rediksyon povrete li an, pliske li pral ogmante opòtinite ekonomik epi fè yon diferans pozitif nan lavi moun yo. Nou kontan anpil pou nou wè efò sa yo vanse epi ede moun yo jwenn yon fason pou soti nan povrete epi pou ka vin otosifizan”.

Majistra Niagara Falls, Paul Dyster te di, “Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, yo ap ouvri nouvel opòtinite travay yo toupatou nan rejyon Niagara Buffalo. Pou moun ki an chomaj oswa souvan an chomaj kwonik yo ka aksede a pòs travay sa yo, yo bezwen aprann aptitud ki krisyal yo. Mwen salye Gouvènè a poutèt li bay resous ki nesese yo pou asire ke yo pa kite pèsòn dèyè pandan ke ekonomi Rejyon Lwès New York nou an ap kontinye devlope”.

Inite Kowòdinasyon San Bi Likratif (Nonprofit Coordination Unit) Gouvènè a, ansanm ak Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape Eta New York la, Biwo pou Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la (New York State Homes and Community Renewal), ak Ekip Sibvansyon ak Refòm Eta New York la (New York State Grants and Reform Team), te òganize plizyè sesyon ekout atravè eta a ane pase, pou diskite sou mizajou yo ak pwogram ESPRI Gouvènè a, reponn kesyon yo, epi konekte ak gouvènman lokal la ak founisè san bi likratif yo ak gwoup biznis yo. Rès kominote ESPRI yo tout nan divès faz devlopman ak adaptasyon rekòmandasyon lokal yo, epi yo prevwa anonse plan rediksyon povrete endividyèl yo nan mwa ki gen pou vini yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)